



Homes and Community Renewal

Office of Resilient Homes
and Communities

Plan Aksyon CDBG-DR pou Ouragan Ida

Rezime Amanman 1

Lè Biwo Kay ak Kominote Rezilyan yo (Office of Resilient Homes and Communities, RHC) modifiye kèk detay sou pwojè rekiperasyon ak rezilyans pou tanpèt ki nan preparasyon oswa k ap pase, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (Department of Housing and Urban Development, HUD) mande pou gen yon modifikasyon enpòtan ki dekri mizajou sa yo, epi pibliye l pou enfòmasyon ak opinyon piblik la.

RHC te pibliye amanman konplè plan aksyon an sou <https://stormrecovery.ny.gov/> pou yon peryòd kòmantè piblik 30 jou ki te 14 avril pou rive 14 me. Sitwayen yo te avèti atravè yon kominike pou laprès.

Eta a pral resevwa kòmantè yo atravè kourye, imèl, oswa fòm entènèt nan:

Kourye: Office of Resilient Homes and Communities

60 Broad Street, 26th Floor

New York, NY 10004

Sit entènèt: <https://stormrecovery.ny.gov/>.

Imel: info@stormrecovery.ny.gov

Nenpòt mizajou oswa chanjman ki fèt nan Plan Aksyon an kòm repons ak kòmantè piblik la pral idantifye byen klè nan Plan an. Mete sou sa, yon rezime kòmantè sou Plan an oswa sou amanman an enpòtan, epi repons li bay yo pral telechaje nan DRGR ansanm ak Plan Aksyon an.

Pou mande yon tradiksyon sou tout Amanman 1 nan Plan Aksyon an, tanpri voye yon imèl nan info@stormrecovery.ny.gov, oswa rele **1-844-694-7163** pou Chinwa oswa Ris, oswa **1-855-NYS-SANDY (855-697-7263)** pou lòt lang yo, epi mande reprezantan an pou ba ou yon entèprèt. Yo bay entèpretasyon ak tradiksyon gratis.

Plan Aksyon Amanman 1 an (enpòtan) (APA 1) pral trete pwenn sa yo:

- A. Pwopozisyon alokasyon fon ak evalyasyon bezwen ki pa satisfè ak bezwen ki gen rapò ak limitasyon:** Mizajou pou dekri itilizasyon \$26,966,000 nan fon adisyonèl CDBG-DR ki te atribye dapre Lwa sou Kredi 2023, ki ofri yon alokasyon \$23,449,000 pou bezwen retablisman ki pa satisfè ki rete akòz enpak Ouragan Ida a nan Eta New York, ak \$3,517,000 pou bezwen anrapò ak limitasyon nan zòn tanpèt la frape yo. Avèk fon sa yo, Eta a ap bay yon lòt \$7.51 milyon dola nan Pwogram Retablisman ak Ranbousman Lojman Ida yo (IHRR); \$6.04 milyon pou Inisyativ Lojman Rezilyans Lokatè yo (RRHI); \$4.04 milyon pou Inisyativ Rezilyans Lojman Abòdab (AHRI); \$8.01 milyon pou Pwogram Envestisman Rezilyan atravè Sipò ak Kapital (RISC); ak \$1.35 milyon dola pou kouvri depans Administratif yo, dapre evalyasyon ki ajou sou bezwen li yo ki pa satisfè ak bezwen anrapò ak limitasyon. Yo te mete evalyasyon sa yo ajou dapre analiz done adisyonèl konsènan depans pou revize pwojè Asistans Piblik FEMA

yo ak analiz ki konsantre sou bezwen ki ka genyen ki pa satisfè anrapò ak lojman nan pwopriyete rezidansyèl ki inonde ki pa t resevwa Asistans Endividyèl FEMA yo ak bezwen renovasyon pou inite rezidansyèl ki anba tè tanpèt la te frape yo; ansanm ak yon swivi ak aktè prensipal yo. Dapre analiz sa yo, estimasyon Eta a sou bezwen ki pa satisfè pou Ida ap ogmante soti nan \$42.4 milyon dola rive nan \$58.8 milyon dola pou lojman, epi soti nan \$815,000 rive nan \$5.29 milyon dola pou enfrastrikti. Nan amannman sa a, Eta a ap diminye tou alokasyon li yo pou depans Planifikasyon jeneral yo nan apeprè \$1.29 milyon, soti nan \$3.25 milyon pou rive nan \$1.96 milyon. Lajan sa yo ap afekte ankò nan Pwogram RISC la, an amoni ak nouvo oryantasyon sou Pwogram sa a ki dekri pi ba a ak evalyasyon revize sou bezwen anrapò ak limitasyon Eta a.

- B. Chanjman non biwo ak referans nan "Eta" a:** Gouvènè Kathy Hochul te anonse Biwo Gouvènè pou Retablisman Tanpèt la (GOSR) ta vin yon biwo pèmanan anba yon nouvo non, Biwo Kay ak Kominote Rezilyan yo (RHC). Avèk aktyalizasyon sa a, Eta a ap chanje tout referans pou "Biwo Gouvènè pou Retablisman Tanpèt la" oswa "GOSR" nan tout Plan Aksyon an ak "Biwo Kay ak Kominote Rezilyan yo" oswa "RHC". Presize referans pou aksyon "Eta a" poze yo (sa vle di, "Eta a pral"; "evalyasyon Eta a nan") atravè Plan Aksyon an fè referans ak Biwo Kay Rezilyan ak Kominote Eta New York (RHC) nan kapasite li genyen kòm administratè fon CDBG-DR yo te bay Eta New York pou fè fas ak Ouragan Ida.
- C. Aksè nan lang:** Ajoute franse kòm youn nan lang ki tradui rezime enfòmasyon enpòtan yo ak chanjman ki genyen nan Plan Aksyon an ak amannman enpòtan yo, ansanm ak enfòmasyon sou odyans piblik yo, fason pou soumèt kòmantè piblik yo, ak fason pou mande pou yo ba ou entèpretasyon ak/oswa tradiksyon. Y ap mete yon avi sou disponiblite asistans nan lang franse nan dokiman enpòtan pou sansibilizasyon ak pou aplikasyon nan Pwogram nan.
- D. Kalifikasyon popilasyon defavorize yo:** Presizyon sou kalifikasyon kandida pou pwogram Retablisman ak Ranbousman Lojman Ida (IHRR) ak Inisyativ pou Lojman Rezilyan Lokatè yo (RRHI) pou mete popilasyon defavorize yo ak manm ki defavorize depi lontan nan klas ki pwoteje yo, sa pa sèlman gen ladan ka difikilte yo, moun LEP yo, imigran, fanm ki chèf fanmi ki gen yon sèl paran, moun LGBTQ+, ak manm defavorize depi lontan nan klas ki pwoteje yo tankou ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, ak estati famiyal. kandida LMI yo pral gen priyorite. Avèk aktyalizasyon sa a, Eta a ap klarifye epi presize davantaj ki gwoup yo konsidere kòm elijib pou asistans atravè IHRR ak RRHI, dapre evalyasyon bezwen li yo ki pa satisfè ak efò li fè yo pou konsepsyon ak lansman pwogram nan.
- E. Kritè Elevasyon:** Presizyon pou endike elevasyon obligatwa yo pou aksyon enpòtan yo nan plenn inondasyon 500 ane a.
- F. Dokiman pwopriyete IHRR ki elijib:** Mizajou pou klarifye kandida IHRR yo ka sèvi ak lòt dokiman anplis tit pwopriyete ki senp pou montre yo se pwopriyete byen ki konsène a pou limite obstak pou patisipe.
- G. RRHI Pwojeksyon rezilta yo:** Mizajou pou fè koresponn Pwojeksyon Rezilta pou Inisyativ Lojman Rezilyan pou Lokatè (RRHI) ak estimasyon Eta a sou benefisyè reyèl yo. Dapre bidjè aktyèl yo, Eta a atann pou RRHI sèvi 530 lokatè.
- H. Deskripsyon pwogram RISC:** Eta ap mete ajou Pwogram Envestisman Rezilyan atravè Sipò ak Kapital (RISC) pou konsantre asistans Pwogram nan sou reyalizasyon aktivite Planifikasyon elijib pou atenn objektif li genyen pou ogmante lòt sous finansman pou amelyore enstalasyon piblik yo, enfrastrikti ak rezistans kominote a.